



Pou Piblikasyon Imedya: 06/09/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SELEBRE SEMÈN RETOUNEN LEKÒL LA AK NOUVO  
LEJILASYON AK ENVESTISMAN ENPÒTAN POU SIPÒTE EDIKATÈ YO**

***Akòde finansman premye faz nan 30 milyon dola nan Pwogram Rezidans Pwofesè  
Empire State la pou ogmante mendèv epi sipòte retansyon pwofesè a***

***Finansman sibvansyone diplòm metriz pou kandida pwofesè ki kalifye yo***

***Li siyen lejislasyon (A68A/S2140B) pou devlope pwogram pou atire kandida ki pa  
reprezante ase yo nan pwofesyon ansèyman***

***Li siyen lejislasyon (S1746/A1120) pou devlope ak enpleman pwogram pou  
anpeche vyolans nan travay nan lekòl piblik yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a mezi pou elaji ak sipòte yon mendèv pwofesè divèsifye nan Eta New York. Nan yon evènman nan Federasyon Pwofesè Ini (United Federation of Teachers), Gouvènè Hochul te anonse premye faz prim finansman Pwogram Rezidans Pwofesè (Teacher Residency Program) Empire State la ki koute 30 milyon dola. Anplis de sa, Gouvènè Hochul te siyen lejislasyon pou mande Depatman Edikasyon Eta (State Education Department, SED) a bay distri lekòl yo konsèy pou devlope pwogram pou atire kandida ki pa reprezante ase yo nan pwofesyon ansèyman ak lejislasyon pou devlope ak aplike pwogram pou anpeche vyolans nan espas travay la nan lekòl piblik yo.

"Pwofesè yo pran wòl enpòtan nan edike ak prepare timoun nou yo pou yon avni ki pote siksè, epi nou gen responsablite pou asire yo gen resous ak fòmasyon ki nesè pou sipòte yo nan travay enpòtan sa a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "N ap travay di pou konstwi yon sistèm edikasyon piblik klas mondyal nan New York epi investisman nou an nan pwofesè nou yo se yon eleman debaz nan siksè nou."

Nan premye faz finansman nan Pwogram Rezidans Pwofesè Empire State la, plizyè distri lekòl yo ak BOCES ap resevwa yon total 11.9 milyon dola nan finansman pou kreye opòtinite rezidans dezan pou kandida pwofesè K-12 rive nan nivo sik sipryè yo. Patisipan yo nan pwogram lan pral jwenn eksperyans ansèyman reyèl anba sipèvizyon konseye yo.

Gouvènè Hochul te siyen lejislasyon (A68A/S2140B) ki mande Komisè Depatman Edikasyon Eta a, an konsiltasyon ak enstitisyon edikasyon siperyè yo, pou bay distri eskolè yo ak sèvis edikasyon koperatif yo konsèy pou yo devlope pwogram pou atire kandida ki pa reprezante ase yo nan pwofesyon ansèyman an epi idantifye finansman ki egziste deja ki disponib pou distri eskolè pou rezon sa yo.

**Senatè Eta John Liu te deklare,** "Dikatè elèv nou yo ta dwe reflekte divèsite kò etidyan nou yo, epi pwogram Grow Your Own lan ofri yon apwòch ki pwouve pou rekrute alafwa bon pwofesè yo ak pwomouvwa yon anviwonman ki kiltive pi bon lide, pi bon rezilta, ak yon avni ki pi briyan pou tout moun. Inisyativ Grow Your Own yo pral pèmèt sistèm edikatif nou an pou l adrese mank divèsite nan ran pwofesè New York yo lè yo atire epi kenbe nouvo kandida ki pa reprezante aseyo nan pwofesyon ansèyman an. Mèsi Gouvènè Hochul paske li te sonnen ane lekòl la ak mesaj solid sa a ke New York toujou ap travay pou asire ke salklas nou yo nan pi bon pozisyon pou bay tout timoun nou yo yon bon edikasyon de baz."

**Manm Asanble Nader Sayegh, te deklare,** "Antanke yon edikatè pandan tout lavi mwen, mwen konprann epi mwen apresye enpòtans yon kò Pwofesè ak Anplwaye Ansèyman ki divèsifye sou plan etnik ak rasyal. Avèk mank pwofesyon yo prevwa nan ansèyman an, se moman pou ankouraje jèn nou yo vin pwofesè epi sitou moun ki soti nan kominote ki pa reprezante aseyo. Lejislasyon mwen an "Grown Your Own Initiative" (Sayegh A.0068) ki sipòte pa Òganizasyon Pwofesè lokal yo ak Eta a pral reyalize sa. Mwen remèsye Gouvènè Kathy Hochul paske li te siyen Lejislasyon sa a an lwa sitou lè elèv nou yo retounen nan yon ane lekòl ki bay rekonpans sou plan akademik."

Gouvènè Hochul te siyen tou lejislasyon (S1746/A1120) ki egzije distri lekòl piblik yo devlope ak aplike pwogram pou anpeche vyolans nan espas travay, an akò ak lòt anplwayè piblik yo.

**Senatè Eta Jessica Ramos te deklare,** "Kòm manman de timoun lekòl piblik, mwen konnen ke sekirite edikatè yo inikman amelyore sekirite elèv yo. Edikatè lekòl piblik yo, administratè yo, ak estaf sipò yo te mande kapasite pou yo pran mezi pwo-aktif pou kreye anviwonman aprantisaj ki an sekirite ak ankourajan, epi mwen onore ke mwen te kapab jwe yon wòl nan pèmèt pwojè lwa sa a rive nan liy final ka. Mèsi, Gouvènè Hochul, paske w ede nou kòmanse ane lekòl la lè w rekonèt ak bay valè ak mendèv ki fè lekòl pitit nou yo espesyal."

Premye faz prim finansman nan Pwogram Rezidans Pwofesè Empire State la repati konsa a:

- **BOCES Eastern Suffolk** - 4,590,000 dola pou fè patenarya ak 51 distri lekòl pou sipòte 153 pwofesè ki rezide.
- **Distri Lekòl Vil Albany** - 150,000 dola pou sipòte 5 pwofesè ki rezide.
- **Distri Lekòl Vil Chatham** - 30,000 dola pou sipòte 1 pwofesè ki rezide.
- **Distri Lekòl Vil Warrensburg** - 52,000 dola pou sipòte 2 pwofesè ki rezide.

- **BOCES Monroe 2 Orleans** - 3,600,000 dolapou sipòte 120 pwofesè ki rezide.
- **Distri Lekòl Vil Rochester** - 1,160,000 dola pou sipòte 40 pwofesè ki rezide.
- **Distri Lekòl Vil Utica** - 300,000 dola pou sipòte 10 pwofesè ki rezide.
- **BOCES Ulster** - 269,595 dola pou sipòte 9 pwofesè ki rezide.
- **BOCES Rockland** - 300,000 dola pou sipòte 10 pwofesè ki rezide.
- **Distri Lekòl Vil Syracuse** - 1,500,000 dola pou sipòte 50 pwofesè ki rezide.

Pwogram Depatman Travay (Department of Labor, DOL) Eta New York la, ki [te lanse](#) oktòb pase a, fè pati yon efò pou ankouraje divèsite nan mendèv edikatif la nan finans diplòm metriz pou pwofesè ki rezide yo. Li adrese tou mank pwofesè nan rejyon ki gen gwo bezwen yo nan divès matyè, tankou anglè, edikasyon espesyal, edikasyon bileng, edikasyon pwofesyonèl, ak edikasyon teknik, ak plis ankò.

Yo pral anonse lòt prim k ap vini yo sou yon baz kontinyèl. Pwogram yo chwazi konekte distri lekòl piblik yo ak/oswa BOCES yo ak Inivèsite Eta New York State (University of New York, SUNY), Inivèsite Vil New York (City University of New York, CUNY), ak/oswa kolèj prive yo. Pwogram yo ka itilize finansman an pou bay frè ekolaj redui oswa gratis pou kandida ansèyman k ap fè yon diplòm metriz, ki gen ladan liv ak frè, salè ak avantaj rezidan yo, ak alokasyon p pou kouvri depans pou viv yo. Alokasyon sa yo pèmèt pwofesè aspiran yo ki soti nan divès orijin jwenn aksè pi fasil ak domèn lan.

Pwogram rezidans pwofesè yo pwouve ke yo ogmante pousantaj retansyon pwofesè yo epi amelyore eksperyans nouvo edikatè yo. Pwogram sa yo elaji aksè ak kominote ki gen gwo bezwen yo ki souvan fè fas ak baryè lè yo diminye depans yo epi ankouraje pwofesè yo pou yo travay nan lye jewografik yo k ap fè fas ak mank yo.

**Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare,** "Pwofesè yo se yon eleman enpòtan nan filyè mendèv nou an. Edikatè sa yo souvan se premye moun ki enspire eksplorasyon karyè lakay etidyan yo, ki se eritye avni ekonomik nou an. Mwen remèsye Gouvènè Hochul dèske li sipòte pwogram inovan ki amelyore sistèm edikasyon nou an."

**Rektè State University of New York la, John King, te deklare,** "Chak etidyan merite pwofesè sa a k ap mennen yo nan nouvo somè siksè yo pa te panse ki te posib. Mesye Osterweil sete pwofesè sa a pou mwen epi ansanm ak ekip P.S. 276 nan Canarsie, Brooklyn, li te fè lekòl vin yon kote ki an sekirite epi li te ouvè lide m pou plis etid, epi evantyèlman, yon karyè nan edikasyon. SUNY se pi gwo founisè preparasyon pwofesè nan eta a epi nou fyè pou n ede mete an aplikasyon vizyon Gouvènè Hochul lapou sipòte edikatè ki soti nan tout domèn, ak etidyan yo enspire yo."

**Félix V. Matos Rodríguez, ki se rektè Inivèsite Vil New York la, te deklare,** "Antanke yon inivèsite ki edike yon tyè nan nouvo pwofesè yo pou lekòl leta Vil New York yo chak ane epi ki bay plis diplòm gradye nan edikasyon pase nan nenpòt lòt domèn etid, CUNY pral jwe wòl pa li pou asire siksè Pwogram Rezidans Pwofesè Empire State la. CUNY fyè pou l sipòte efò Gouvènè Hochul ap fè pou abòde mank pwofesè divès epi ki

byen prepare nan lekòl piblik eta nou yo, pou ranfòse angajman Eta New York pou bay bon jan kalite edikasyon piblik K-12 ak avanse pwofesyon ansèyman."

**Pezidan Pwofesè Reyini Eta New York la (New York State United Teachers), Melinda Person, te deklare,** "Nou te goumen avèk siksè pou ranfòse lekòl nou yo atravè eta a ak resous pou sante mantal, fizik ak emosyonèl tout etidyan ak anplwaye nou yo. Kidonk, nou dwe rete pwo-aktif sou prezève anviwònman aprantisaj nou yo kòm espas ki an sekirite. Aksyon jodi a pral bay paran ak timoun yo konfyans ke salklas nou yo ap prepare yo pou siksè yo merite, epi yo montre edikatè yo ke New York gen sousi pou sipòte karyè dirab ak atiran kote yo ka pwospere."

**Michael Mulgrew, Prezidan Federasyon Pwofesè Ini (United Federation of Teachers), te deklare** "Divèsite nou se pi gwo fòs nou. Nou remèsye Gouvènè a ak alye edikasyon piblik nou yo nan Albany paske yo te ban nou zouti adisyonèl pou fè travay enpòtan sa a."

Sa baze sou inisyativ edikasyon lidè nasyonal Gouvènè Hochul la pou abòde mank pwofesè, ki gen ladan sipò san parèy pou edikasyon nan Bidjè Ane Fiskal 2024 la, ki gen ladan 34.5 milya dola nan Èd pou Lekòl. Bidjè a gen ladan tou 24 milya dola pou Èd Fondasyon, pou respekte pwomès Gouvènè Hochul la pou finanse totalman Èd Fondasyon pou premye fwa nan listwa.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418